



Kesyon yo Poze Souvan sou Moun ki Prete nan Mass HAF

Dènye Mizajou: 1ye avril 2023

1. Èske mwen elijib pou asistans nan Mass HAF?

Ou ka kalifye pou Mass HAF si ou ranpli tout kondisyon sa yo:

- Ou posede epi w ap viv nan yon kay yonsèl fanmi, yon kondominyòm, oswa yon kay 2-3- oswa 4 fanmi ki nan Massachusetts. Kay sa a dwe rezidans prensipal ou.
- Akoz pandemi COVID-19 la, revni ou te bese, oswa depans pou viv te ogmante, nan dat oswa apre 21 janvye 2020. Pa egzanp, dèske w ap pran swen yon manm nan fanmi w sa ka rive ou pèdi travay ou, ou gen mwens èdtan travay, ou peye plis pou gadri, ou te malad oswa ou pa t kapab travay.
- Ou te rate omwen 3 oswa plis peman ipotèk depi 21 janvye 2020. Peman yo pa bezwen youn apre lòt. Sepandan, omwen 3 oswa plis nan peman manke yo dwe anreta nan moman aplikasyon an.
- Ipotèk ou a pa an poz aktyèlman (forbearance).
- Ipotèk ou a, nan moman li te kreye a, li te gen yon balans prensipal ki pa t depase limit prè a konfòmeman ak lwa ARPA a. Tanpri gade kesyon 5 lan pou plis enfòmasyon.
- Si w anreta sou ipotèk ou a pou omwen twa mwa, ou ka kalifye tou pou asistans ak sèten chaj pwopriyete tankou peman ki anreta pou taks, asirans, frè kondominyòm, chaj minispal tankou dlo ak egou. Pwogram nan **pa** garanti ke chaj sa yo pral kouvri epi akizasyon delenkan yo dwe gen rapò ak anpeche yon sezi lakay ou.
- Ou dwe ranpli sèten kondisyon revni. Pou tcheke si ou satisfè kondisyon revni zòn ou an, [klike la a.](#)

2. E si mwen pa ko gen reta sou twa pèman deja? Èske mwen ka toujou aplike?

Pou w kalifye, ou dwe omwen gen 3 pèman an reta sou ipotèk ou a.

Si ou pa an reta sou ipotèk ou a paske ou gen yon ipotèk envèse, tanpri ale nan kesyon 18 la.

3. Konbyen tan Mass HAF disponib?

Ou ka aplike pou Mass HAF jiska **30 Jen 2023**. Apati **1ye jiyè 2023**, Pwogram Asistans Rezidansyèl leta a pou Fanmi ki nan Tranzisyon yo (Residential Assistance for Families in Transition, RAFT) ap vin disponib pou pwopriyetè kay ki pa gen anpil revni ki nan risk pou yo sezi kay yo. Nan moman sa a, pwopriyetè kay ki kalifye yo ka aplike pou RAFT sou Pòtay Asistans Pèman Lojman Ijans [Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè a.](#)

4. Ki kalite depans Mass HAF kapab kouvri?

Aplikan yo dwe rate omwen 3 oswa plis peman ipotèk kay la depi 21 janvye 2020 pou yo kapab kalifye pou pwogram Mass HAF la. Peman ki manke sa yo dwe poké peye nan moman aplikasyon



Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay Massachusetts

an. Yo pral mande w pou soumèt deklarasyon prè ipotèk ou a antanke yon pyès nan aplikasyon w lan. Si sa apwouve, fanmi yo ap elijib pou jiska \$50,000 nan asistans.

Lòt depans, tankou asirans, frè ko-pwopriyete, ak frè minisipal yo, kapab elijib nan sikonstans limite kote gen yon privilèj sou pwopriyete a, oswa ki ta kapab yon privilèj, akòz lòt frè ki poko peye. Asistans yo bay pou kouvri frè sa yo dwe gen rapò ak yon prevansyon pou yo pa sezi kay ou a oswa pou w anpeche sa yo rele yon dwa retansyon (lien).

5. Ki kalite prè ipotèk ki kalifye pou asistans atravè Mass HAF?

Prè ipotèk pwopriyetè kay la pa ka depase sa yo rele "limit prè ki konfòm." Prè ipotèk pwopriyetè kay la ap aplike pou li a pa ka depase limit ki endike la a lè yo te pran prè a (kantite lajan orijinal prè ipotèk la): [Klike la](#) pou yon lis limit prè ki konfòm pa ane orijin.

Prè ki aktyèlman nan abstansyon yo pa kalifye jiskaske abstansyon an fini.

6. Ki dokiman ki nesesè ak aplikasyon mwen an?

Yo ka mande kalite dokiman sa yo nan aplikasyon an, selon asistans ou mande a:

- Dokiman revni:
- Deklarasyon ipotèk oswa lòt dokiman ipotèk
- Deklarasyon taks sou pwopriyete vil oswa bouk ou an
- Bòdwo sèvis publik minisipal (pa egzanp, bòdwo dlo ak plonbri)
- Identifikasiyon tankou idantite eta a, lisans chofè, oswa paspò

Yo ka mande lòt dokiman pou verifye si w kalifye.

7. Èske yo ka bay aplikasyon mwen an priorite pou yon pwosesis pi rapid?

Pou kounya sèl priorite nou se pou pwopriyetè kay ki nan koulwa pou yo sezi kay yo, kote yo mete kay la nan vant (pa egzanp, yon dat pou yon vant ozanchè).

8. Ki sa ki kalifye kòm enpak COVID?

Ou dwe te fè eksperyans yon difikilte finansye tankou yon diminisyon nan revni w oswa ogmantasyon nan depans chak jou w yo akoz pandemi kowonavirus la. Sa ka gen ladan men se pa sa sèlman pèt travay, rediksyon nan èdtan travay, yon ogmantasyon depans akòz gadri, maladi, oswa bezwen pou pran swen yon manm fanmi depi 21 janvye 2020. Sa ka gen ladan difikilte ki te kòmanse anvan 21 janvye, 2020 epi kontinye apre dat sa a, men se sèlman depans ki akimile apre 21 janvye 2020 ki kalifye pou asistans HAF.

9. E si mwen dwe plis ke \$50,000?

Mass HAF ap peye jiska \$50,000 epi ajan sèvis ou a (ajan sèvis ou a se nenpòt moun ou peye ipòtèk ou a) kapab ede w avèk yon plan pou ede w jwenn rès montan ou dwe a. Yon plan ki depann de sa ajans sèvis ou a ap ofri men li ka gen ladan l pou mete yon pati nan lajan ou dwe



Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay Massachusetts

nan fen prè ipotèk ou a epi pwolonje dire a pou kèk ane anplis. Pou pifò pwopriyetè kay yo, ajan sèvis ou a ta dwe kontakte w epi chèche yon plan pou balans ki rete a.

Remak: Se pa yon garanti ke ajan sèvis yo pral ede w ak balans ou genyen sou sa ou dwe a.

10. Èske mwen bezwen re-peye nenpòt asistans mwen resevwa?

Non, nenpòt asistans ou te resevwa atravè Mass HAF se pa yon prè epi ou p ap bezwen re-peye l.

11. Èske benefis mwen resevwa yo pral konsidere kòm revni taksab?

Non, nenpòt asistans ou resevwa atravè Pwogram Mass HAF pou asistans ak depans ki gen rapò ak kay ki elijib yo pa konsidere taksab. Aplikan ki elijib yo p ap oblige peye taks sou asistans kalifye yo resevwa atravè Mass HAF.

12. Èske Mass HAF ap ede ak peman kay mobil mwen an?

Mass HAF ka ede ak peman prè kay mobil pou delenkans ki gen rapò ak peman lwavey teren ak prè teren.

13. Èske mwen ka aplike pou tout pwopriyete mwen yo?

Non, lajan Mass HAF kapab distribye sèlman bay aplikan yo pou rezidans prensipal yo nan Massachusetts.

14. Kijan mwen ka jwenn èd pou soumèt aplikasyon mwen an?

Mass HAF gen kontra avèk Ajans Konsèy Lojman yo (Housing Counseling Agencies, HCAs) nan tout eta a pou ede pwopriyetè kay yo. HCA yo ka ede w ranpli yon aplikasyon, tankou telechaje dokiman pou ou. Ou ka jwenn HCA nan zòn ou an ak enfòmasyon kontak yo lè w vizite [Zouti HCA Finder](#) epi antre kòd postal ou a.

Anplis de sa, Sant dapèl Mass HAF ka bay dènye enfòmasyon sou estati aplikasyon an ak asistans aplikasyon teknik. Ou ka kontakte Sant Apèl Mass HAF la nan 833-270-2953 Lendi rive Vandredi 10:00am-8:00pm. Sèvis entèpretasyon yo disponib nan plizyè lang. Pou yon lis lang, tanpri gade kesyon 19. Aplikan ki soud, ki mal pou tandem, ki an reta, oswa ki gen andikap pou pale, yo ka rele 711 pou konekte. Pou plis enfòmasyon, tanpri gade kesyon 31.

15. Ki jan yo kalkile revni kay la?

Revni yo kalkile pou manm nan kay la ki nan afiche sou ipotèk la epi ki abite kay la. Revni lòt manm nan kay la pa enkli pou rezon aplikasyon an. Ou menm ka itilize [Kalkilate Elijiblite Revni HAF](#) pou detèmine si w ka ranpli kondisyon pou w kalifye pou revni.



16. Èske Mass HAF ka ede ak nenpòt delenkans anvan 21 janvye 2020?

Non, Mass HAF ap sèlman kouvri nenpòt montan pwopriyetè kay ki kalifye a te dwe apre 21 janvye 2020. Sepandan, si ou gen delenkans ipotèk ni anvan ni apre 21 janvye 2020, epi ou satisfè kritè elijiblite yo, lè sa a pòsyon delenkans ipotèk ou apre 21 janvye 2020 ka elijib pou asistans.

Si w bezwen èd ak delenkans anvan 21 janvye 2020, yon Ajans Konsèy pou Lojman (HCA) kapab ede w jwenn lòt resous ak konsèy. Mass HAF fè kontra avèk HCA atravè eta a pou ede aplikan yo. Pou plis enfòmasyon sou fason pou w kontakte yon HCA lokal, tanpri gade kesyon 14.

17. Èske Mass HAF ap ede si mwen an reta nan peye taks sou pwopriyete oswa frè kondo men mwen pa gen yon ipotèk oswa si mwen pa an reta sou peman ipotèk mwen an?

Non, pwogram lan pa ofri asistans sa nan moman sa a pou pwopriyetè kay ki pa gen ipotèk.

18. E si mwen gen yon ipotèk envèse men mwen an reta sou lòt pèman pou frè pwopriyete? Èske mwen kalifye pou asistans?

Wi, pwopriyetè kay ki gen ipotèk envèse yo kalifye pou jwenn asistans. Pou li kalifye, yon pwopriyetè kay dwe gen bil enpo fonsye lameri kote li pa peye twa enpo fonsye trimestriyèl oswa kote lameri te voye yon lèt demann ba li oswa yon enpo sèvis publik lameri ke li pa peye avèk yon sètifikasi dwa retansyon aktyèl.

19. Èske aplikasyon yo disponib nan lòt lang ki pa Angle?

Wi. Aplikasyon Mass HAF sou Entènèt la disponib nan 7 diferan lang ki pa Angle; Chinwa, Kreyòl Ayisyen, Panyòl, Pòtigè, Vyètnamyen, Khmer, ak Ris. Anplis de sa, sèvis entèpretasyon yo disponib nan plizyè lang pou Mass Sant dapèl HAF (833-270-2953).

20. Ki jan yo pral fè m konnen si m resevwa prim HAF la?

Yo pral fè w konnen prim HAF final la ak yon repatisyon sou fason yo depanse lajan sa yo pa imèl oswa lè w konekte sou pòtal aplikasyon an. Ou pap resevwa lajan dirèkteman. Prim lan pral ale dirèkteman bay founisè prè ipotèk ou a ki pral aplike li nan kont prè ipotèk la pou ou.

21. Konbyen tan sa ap pran pou m resevwa asistans lan apre m fin aplike?

Depi w fin ranpli aplikasyon ou an epi w voye tout dokiman ki nesesè yo ale, delè a se anjeneral ant 30-60 jou men sa depann anpil tou de ak ki rapidite antrepriz ipotèk ou a ban nou konfirmasyon ke ou pa rive peye dèt yo vre. N ap kontakte ajan sèvis prè ipotèk ou a si yo poko patisipe, epi n ap fè w konnen nenpòt reta ki genyen nan pwosesis akoz pwoblèm sa a.



Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay Massachusetts

22. Èske konpayi ki jere ipotèk mwen an bezwen patisipe nan pwogram Mass HAF pou mwen ka resevwa asistans?

Wi, nan moman sa a founisè sèvis ou a dwe patisipe nan pwogram Mass HAF pou ka resevwa asistans. Mass HAF ap travay aktivman pou abòde plis sèvis ke posib. Si founisè sèvis ou a pa yon patisipan kounye a, ou ka toujou aplike epi Mass HAF ap travay avèk ajan sèvis ou a pou ankouraje patisipasyon yo nan pwogram lan.

23. Èske pwopriyetè kay yo ap resevwa montan yo dirèkteman?

Non, ou p ap resevwa lajan dirèkteman. Prim lan pral ale dirèkteman bay founisè prè ipotèk ou a ki pral aplike li nan kont prè ipotèk ou a. Minisipalite yo, konpayi asirans yo ak asosyasyon pwopriyetè kay yo pral peye dirèkteman pou nenpòt frè minisipal elijib, taks, asirans, ak/oswa frè biling ke pwogram sa a ranbouse.

24. Èske mwen ka resevwa asistans pou peman alavni?

Pou kounye a, pwogram Mass HAF la pa bay asistans pou peman ipotèk alavni. Pwogram nan gen entansyon pou pote balans ipotèk ou ajou.

25. Èske mwen ka re-aplike si m bezwen èd adisyonèl?

Nan moman sa a, pwopriyetè kay yo pa ka re-aplike pou asistans.

26. Ipotèk mwen an aktyèlman an poz (forbearance). Èske mwen ka aplike jodi a?

Pa nan moman sa a. Ou pa kalifye si ipotèk ou a an poz, sof si se MassHousing (Ajans Finans Lojman Massachusetts) ki jere prè ipotèk ou genyen an. Mass HAF ka kouvari yon pèman ke yo te ranvwaye akoz COVID ke yo vin ajoute nan fen ipotèk la antanke yon pèman anplis dèske premye pèman an te an poz (forbearance). Sa a aplike pou moun ki prete nan MassHousing sèlman.

27. Èske Mass HAF ap peye pou delenkans sou dezyèm ipotèk mwen an?

Wi, si w kalifye epi w gen 3 mwa oswa plis an reta sou yon dezyèm ipotèk, ou ka elijib pou jwenn asistans atravè Mass HAF.



Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay Massachusetts

28. Èske mwen ka aplike nan Mass HAF si mwen gen oswa si mwen te deja gen yon maj kredi sou vale kay la (HELOC)?

Wi, ou ka aplike si w fè omwen twa peman an reta sou HELOC ou nan peryòd kalifikasyon HAF la, sepandan ou dwe fèmen HELOC la swa anvan w aplike oswa pandan pwosesis aplikasyon an.

29. Èske mwen ka aplike nan Mass HAF si mwen te deklare chapit 13 fayit?

Wi, si ou ranpli lòt kondisyon kalifikasyon Mass HAF, delenkans ki gen rapò ak ipotèk ou a elijib pou yo peye nan HAF.

30. Èske gen yon pwosesis apèl si yo refize m?

Wi, si yo te refize w pou asistans atravè Mass HAF ou ka fè apèl nan lespas 14 jou apre refi a. Ou ka swiv pwosesis apèl la atravè pòtal aplikasyon Mass HAF la oswa chèche èd pou w soumèt apèl la ak yon HCA. Ou ka chèche HCA nan zòn ou an lè w vizite [Zouti HCA Finder](#). Desizyon apèl yo pral sou diskresyon final Mass Housing Partnership.

31. Mwen soud, mwen gen difikilte pou m tande, mwen soud an reta, oswa mwen pa pale. Kouman mwen ka pran kontak ak Mass HAF la?

MassRelay ofri asistans gratis epi konfidansyèl. Rele 711 pou w konekte. Depi ou konekte ak yon operatè relè, ou ta dwe mande ak “NUMBERS PLS GA” sa vle di operatè a pare pou ou antre nimewo telefòn wap eseje kontakte a.

Nimewo sant apèl Mass HAF la se 833-270-2953. Pou endike ke ou fini tape, asire w ke ou ekri “GA” ki vle di “Ale pi devan”.

32. Mwen santi mwen akable, petèt dezespere - ki moun mwen ka rele pou koute m?

Si oumenm oswa yon moun ou konnen ap fè eksperyans yon kriz sante mantal ak/oswa panse swisid, **tanpri rele oswa voye yon tèks mesaj bay 988**, ki se nimewo nasyonal swisid ak kriz. Liy Dirèk Kriz 988 la disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7. Ou kapab monte tou sou fonksyon tchat ki sou sit entènèt la: <https://988lifeline.org/contact-the-lifeline/>

Si w ap chèche pwofesyonèl ki kalifye pou evalyasyon sante mantal ak/oswa referans sante mantal, tanpri kontakte Liy Èd Konpòtmantal Sante Konpòtman Massachusetts la, jis rele oswa voye yon mesaj tèks bay 833-773-2445 (BHL). Liy Dirèk Kriz 988 la disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7. Ou kapab monte tou sou fonksyon tchat ki sou sit entènèt la:

<https://www.masshelpline.com/contact/#>



Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay Massachusetts

33. Ki lòt kote mwen ka jwenn konsèy pou èd ak pèman ipotèk mwen an si mwen pa kalifye pou Mass HAF?

Gen 40 ajans konsèy pou lojman nan Massachusetts ki kapab ede w. Se Depatman Lojman ak Developman Iben Ozetazini (Department of Housing and Urban Development, HUD) ki apwouve òganizasyon san bi likratif sa yo epi yo gen anplwaye ki gen bon jan eksperyans nan bay konsèy ak sèvis pou anpeche yo sezi kay ou. Founisè sa yo bay konsèy pou anpeche yo sezi kay ou gratis. Ou ka wè yon lis ajans konsèy lojman yo [la](#).

*Pwojè sa a ap sipòte, annantye oswa an pati, pa Nimewo prim federal HAF0174
Depatman Trezò Ameriken an te bay Commonwealth nan Massachusetts.*